Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 33 (7482)
16 Июль
Рузман
2021 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Рохалилаб ахIвал-хIалалда



I4 июлалда Унсоколо росулъ букIана рохалилаб ахIвал-хIалалда спортивияб зал рагьи.

Гьенир гIахьаллъана РДялъул экономикаялъул министрасул зам. ГI. ГIабдурахIманов, районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, районалъул депутатазул Собраниялъул председатель М. Юсупов, Унсоколо росдал бетIер ХI. ГIабдулаев, Шамильхъала поселокалъул бетIер М-ХI. ХIажиев, росдал жамагIаталъул вакилзаби, ДЮСШялда тарбия щварал, росабазул вакилзаби ва цогидалги.

Бихьизабизе ккола, республикаялъул инвестиционнияб программаялда рекъон, добзаманалда «Юг России» программаялда рекъон спортзал базе байбихьун букIана 2006 соналдаго, гьелъул багьа букIана 46,78 млн. гъурущ, площадь бащалъула I035 кв м. ГIарац гьечIолъиялда бан, гьеб заманаялъ чIезе тун букIана. 2018 соналда республикаялъул Минэкономикаялъул кумекалдалъун хIалтIи цIидасанги байбихьана ва гьанже гьеб бан раг1алде бахъана.

Спортзал рагьиялъул тадбир нухда бачана районалъул культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас.

Тадбиралда цеве кIалъазе вахъунаго районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна гьединал объектазул бугеб кIваралъул, гIун бачIунеб гIелалъе спорталъул бугеб пайдаялда тIадчIей гьабуна гьес. Гьеб гуребги нилъер руго спорталъул батIи-батIиял тайпабазда район машгьур гьабулел гIемерал спортсменал. Дида ракI чIун абизе кIола, гьаб спортзалалда рахъине руго жеги гIемерал, цIар рагIарал спортсменал,-ян абуна ахиралдаги бетIерас. Гьединго гьес баркала загьир гьабуна спортзал бан рагIалде бахъинабиялъе квербакъа рав ГI. ГIабдурахIмановасе. КIалъазе рахъана гIемерал цогидалги. Жиндирго кIалъаялда ГIабдурахIман ГIабдурахмановас бицана бицен гьабулеб бугеб объект бан рагIалде бахъиналъе аслияб гIилла кканин регионалиябгун районалъул властал цадахъ рекъон хIалтIи,-абун.

Гьалбадерида цеве кIалъазе вахъунаго Унсоколо росдал бетIер ХI. ГIабдулаевас баркала загьир гьабуна, районалъул гIадамазул гьабулеб бугеб тIалабалъухъ,



Дагъистаналъул экономикаялъул министрасул зам. ГI. ГIабдурахIмановасе, районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасе, РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадовасе.

Районалъул администрациялъул, гьенир гIумро гьабулел ругезул цIаралдасан районалъул бетIерас ГI. ГIабдурахIмановасе кьуна «За полное содействие и личный вклад в работу по развитию района» грамота.

Киналго кIалъаяздаса хадуб букIана спортзал рагьиялъе лента къотIи. Официалияб бутIаялдаса хадуб ДЮСШялъул лъималаз байбихьана жидерго тренировкаялде. Гьанже спортзалалда рес буго спортияб гугари, тIадагьаб ва бакIаб атлетика, бокс, тайский бокс, волейбол, гимнастика гIадал спортивиял бутIабазда лъимал ругьун гьаризе.

## Рагьана паркалъул зона

Гьал къоязда Унсоколо росулъ букIана цоги кIвар бугеб тадбир – росулъ паркалъул зона рагьи.

Бицен гьабулеб бугеб паркалъул зона ккола республикаялъул миллияб «Жилье и городская среда», регионалияб «Формирование комфортной городской среды в республике Дагестан на 20I9-2024 годы»,-абурал проектазда рекъон бараб объект. Гьелъул



гIуцIарухъанлъун ккола «Единая Россия» партия.

Парк рагьиялъул рохалилаб тадбиралда гIахьаллъана: РДялъул экономикаялъул министрасул зам. ГI. ГIабдурахIманов, «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, районалъул депутатазул Собраниялъул пред. М. Юсупов, Унсоколо росдал бетIер ХI. ГIабдулаев, Шамильхъала поселокалъул бетIер М.-ХI. ХIажиев, росдал жамагIаталъул вакилзаби, гIун рачIунел спортсменал ва гIемерал цогидалги.

Тадбиралда гIахьаллъаразда цеве кIалъалаго районалъул бетIерас кIвар буссинабуна регионалияб власталъул кумекалдалъун районалъул ва росабазул гIадамазул рес бугин батIи-батIиял программабазда гIахьаллъизе. Аслияб бутIа гьел прогрмаммабазда гIахьаллъиялъе тIаде ккола росабазул бутIрузда. Гьелъие мисаллъун буго жакъа Унсоколо росулъ парк рагьи,-ян абуна бетIерас.

Тадбиралда кIалъазе рахъана ГI. ГIабдурахIманов, ХI. ГIабдулаев ва цогидалги.

Бихьизабизе ккола, парк баялъе аслиял хIалтIаби гьарунин, бетIералда ХI. Хастиновгун «Родник» ОООялъ,-абун. Гьез, сметаялда гьечIоники гьарун руго, гIадамазе санагIалъиялъе тIадеги гIемерал хIалтIаби.

Оперативияб штабалъул данделъи

## Унти тIибитIунгутIи нилъеда бараб буго

I3 июлалда букIана районалъул оперативияб штабалъул данделъи. Гьеб рагьулаго муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна коронавирусалъул унти тIибитIиялда хурхун районалда цIидасанги лъикIаб гьечIеб хIал лъугьун бугин. «Нилъеда киназдаго ракIалда буго араб соналда гьеб унти байбихьараб мехалда букIараб захIматаб хIал. Къойидаса къойиде цIикIкIунел руго унтарал, унтулел руго чIахIиялги лъималги. Руго захIматго унтарал, руго хвалил хIужаби. Чара гьечIого хIажат буго гьеб хIал хисиялъул чIванкъотIарал тадбирал гьаризе. Гьеб рахъалъ гьарулел хIалтIаби кьваризаризе бихьизабун буго Роспотребнадзоралъул ва республикаялъул оперативияб штабалъул рихьизариязги»,-ян тIадчIей гьабуна ГI. НурмухIамадо вас.

**(Ахир 2 гьумералда)**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 33 (7482)
Рузман
16 июль 2021 сон

2 гъумер

Уважаемые жители Унцукульского района!

12, 13 и 20 июля текущего года в ГАУ РД «МФЦ в РД» по Унцукульскому району будут организованы дни открытых дверей для граждан и юридических лиц.

Дни открытых дверей проводятся во исполнении пункт 3 Протокола заседания Совета при Главе РД по развитию градостроительства и архитектуры в РД. Данное мероприятие проводится при поддержке администрации Унцукульского района с целью оказания методической помощи в вопросах выдачи разрешения на ввод в эксплуатацию многоквартирных и индивидуальных жилых домов и постановки их на учет. Ждем Вас!

# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
## Унцукульский район

Индекс 368950 РД. п. Шамилькала,ул.М. Дахадаева 3, т. 55-64-85 Email: uncuk_raion@maiI.ru

**РАСПОРЯЖЕНИЕ**

**От «12 » июля 2021 г. № 98-р**
**О временном приостановлении деятельности муниципального казенного дошкольного образовательного учреждения «Детский сад № 9 «Сказка»**

В виду того, что здание в котором размещено муниципального казенного дошкольного образовательного учреждения «Детский сад № 9 «Сказка» поселка Шамилькала Унцукульского района находится в аварийном состоянии и пребывание в здании воспитанников и сотрудников учреждения может угрожать их жизни и здоровью:

1. Временно, до решения вопроса строительство нового здания для учреждения или приобретения модульного детского сада на 300 мест приостановить деятельность муниципального казенного дошкольного образовательного учреждения «Детский сад № 9 «Сказка» п. Шамилькала;

2. Руководителю муниципального казенного дошкольного образовательного учреждения «Детский сад № 9 «Сказка» П. Тагировой довести настоящее распоряжение до сведения всех работников учреждения и родителей воспитанников;

3. Руководителю муниципального казенного учреждения «Единая информационная служба» МО «Унцукульский район» разместить информацию о приостановлении дошкольного учреждения в информационной сети «Интернет» и опубликовать в районной газете «Садовод»;

4. Контроль исполнения настоящего распоряжения оставляю за собой.

**Глава МО «Унцукульский район»**
**И. М. НУРМАГОМЕДОВ.**

Къецал

# Конкурсалда бергьана



Гьал къоязда букIана гIараб мацIалда бугеб «Муъминзабазул т1абиг1ат» тIехьалдасан конкурсалъул хIасилал гьари. Гьел къецазда бергьенлъи босана нилъер районалъул ХъахIабросулъа Фатима ХIасановалъ. Абизе ккола, жиндир гIумроялъул 20 сон гурони гьечIониги гьелда, тIад калам гьабизе бакI гьечIого лъала гIараб мацI, лъикIго лъалеб букIана гьеб тIехьги.

9 июлалда къецазда бергьарай гьейгун данчIвана Дагъистаналъул муфтий АхIмад Афанди. Бергьенлъи баркулаго рухIияв цевехъанас Фатимае лъикIаблъун бихьизабуна тIохьодасан жиндаго лъараб гIадатияб гIумрорялда хIалтIизабизе ва гьеб гIун бачIуннеб гIелалъе бицин.

ТIоцебесеб бакIалъе гIоло гьелъие рес щвана ГьитIинаб ХIежалде сапаралъ ине, гьелдаса гьей гIорхъи гьечIого йохарайги йиго.

«Ниж кутакалда роха-хинлъун къабул гьаруна АхIмад-хIажица ва гьесул хъизан ГIайнаъ ХIамзатовалъ, гьаруна гIемерал къиматал малъа-хъваял»,-ян абуна Фатимаца.

Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул ва райадминистрациялъул хIалтIухъабаз ракI-ракIалъ баркула гIолохъанай ракьцоялда гьеб къиматаб бергьенлъи! Биччанте гьелъул гIумроялъулъ гьединал бергьенлъаби гIемерлъизе! ТалихI, щулияб сахлъи, битIккей, баракат, кинабго лъикIабщинаб гьарула, дуе, Фатима!

# Унти тIибитIунгутIи нилъеда бараб буго



Коронавирусалъ унтаразул къадаралъул ва бугеб ахIвал-хIалалъул данделъиялда бицана бетIерасул зам. М. ХIамзатовас. Гьес бихьизабуна унтул тIоцебесеб карачел байбихьаралдаса районалда унтун хъвай-хъвагIай гьабун бугин I287 чиясул, 239 чи сах гьавун вуго рокъор тун, хвалилаб хIужа буго 29 чиясул.

-ГьабсагIаталда Унсоколо районалъул больницаялда регун руго 26 унтарав. Гьезул I4 ясул чIезабун буго COVID-букIин. Жеги руго рокъор сах гьарулел унтаралги. ГьабсагIаталда захIматаб хIалалда руго 6 чи. Щибаб моцIалъго районалъул гIадамазул гьабулеб буго коронавирус унти бугищали чIезабиялъе 200 гIанисеб тест. Хадубги ХIамзатовас тIадчIей гьабуна цIикIкIарисел унтарал ругин Унсоколоса, Шамильхъалаялдаса, Генуса. Жеги кутаклъизабизе кколин унти бахунгутIиялъе гьабулеб хIалтIи,-ян бихьизабуна гьес.

Данделъиялда унтаразул бугеб хIалалъул, гьелъул ин ахирияб заманалда захIмалъун бугеб куцалъул бицун кIалъана районалъул больницаялъул бетIерай врач ГI. МухIамадова.

Гьенибго гIемер бицана унти лъугIизабиялъе цохIого-цо бугеб рес вакцинация гьабиялъул.

Унти тIибитIи гIодобе ккеялъе районалда гьабулеб бугеб хIалтIул бицана Россиялъул ОМВДялъул ПДН ва УУПалъул Унсоколо районалда вугев нач. М. ГIабдурахIмановас. Гьес бихьизабуна I00 % ихтиярал цIунулел органазул гIадамаз вакцинация гьабунин. Гьединго гьес тIадчIей гьабуна Роспотребнадзоралъулги оперативияб штабалъулги рихьизариял тIуразарунгутIиялъе гIоло 900 протокол гьабунин.

### ХIурматиял Унсоколо районалъул гIадамал!

Цойги ва цойги нухалъ ракIалде щвезабулеб буго нужеда унтул рахъалъ район захIматаб хIалалда букIин. ХIалтIизаре киналго цIодорлъиялъул рахъал, общественниял бакIазда рай маскаби, дизенфекция гьабе кверазе, цIуне социалияб дистанция, унге гIемерал гIадамал ракIарарал бакIазде, гьаруге гьел ракIарун бертаби, кверкьеял.

Медицинаялъул хIалтIухъабазул рагIабазда рекъон гIемерисеб мехалда гьеб бахунеб буго бертабалъан, магIирукъзабахъан ва цогидалги гIемерал гIадамал ракIарарал тадбираздасан. АхIвал-хIал битIун бичIчIа. Нужер бичIчIи буголъиялда бараб буго нилъер киназулго ва сверухъ ругезул гIумро!

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 33 (7482)
Хамиз
16 июль 2021 сон

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере



## «Порядок реализации права, застрахованного на выбор лечащего врача медицинской организации при оказании первичной медицинской помощи»

Человек имеет полное право оформить прикрепление к Медицинской Организации в любой точке России. Причем это может быть, как государственная (муниципальная), так и частная клиника, работающая в системе ОМС (т.е. осуществляющая прикрепление граждан для планового обслуживания по обязательному медицинскому страхованию).

В статье 5 ФЗ «Об основах охраны здоровья граждан в Российской Федерации» указано, что пациент имеет право на выбор врача и на выбор медицинской организации. Для выбора медицинской организации, оказывающей медицинскую помощь, гражданин лично или через своего представителя обращается в выбранную им медицинскую организацию с письменным заявлением о выборе медицинской организации, которое содержит следующие сведения:

1) наименование и фактический адрес медицинской организации, принявшей заявление;

2) фамилия и инициалы руководителя медицинской организации, принявшей заявление

3) информация о гражданине:

-фамилия, имя, отчество (при наличии);

-пол;

-дата рождения;

-место рождения;

-гражданство;

-место жительства (адрес для оказания медицинской помощи на дому при вызове медицинского работника);

-место и дата регистрации;

4) номер полиса обязательного медицинского страхования гражданина;

5) наименование страховой медицинской организации, выбранной гражданином

6) наименование и фактический адрес медицинской организации, оказывающей медицинскую помощь, в которой гражданин находится на обслуживании на момент подачи заявления.

При подаче заявления предъявляются оригиналы следующих документов:

1) для детей после государственной регистрации рождения и до четырнадцати лет, являющихся гражданами Российской Федерации:

-свидетельство о рождении;

-документ, удостоверяющий личность законного представителя ребенка;

-полис обязательного медицинского страхования ребенка;

2) для граждан Российской Федерации в возрасте четырнадцати лет и старше:

-паспорт гражданина Российской Федерации или временное удостоверение личности гражданина Российской Федерации, выдаваемое на период оформления паспорта;

-полис обязательного медицинского страхования;

3) для лиц, имеющих право на медицинскую помощь в соответствии с Федеральным законом «О беженцах»

Решение о прикреплении или отказа должны быть вынесено в течение 30 дней.

ВАЖНО: сменить поликлинику по желанию можно раз в год. Если же вы переезжаете на новое место жительства, то можно выбрать поликлинику в связи с переездом – в этом случае нет ограничений по смене поликлиник.

### ОБЪЯВЛЕНИЕ

В строительную организацию АО «Мостоотряд-99» требуются бетонщики,сварщики, арматурщики, плотники для работы, как в Дагестане, так и за еёпределами. Заработная плата высокая. Проживание и питание обеспечивается научастке.
Обращаться по тел.: +7-(8722) 67-57-57

Карточка учета основных сведений АО «Мостоотряд-99»

| | |
|---|---|
| Полное наименование | Акционерное общество «Мостоотряд-99» |
| Фактический (почтовый) адрес | 367013, Республика Дагестан, г. Махачкала, проспект Р. Гамзатова, д. 39А |
| Юридический адрес | 368264, Республика Дагестан, Хунзахский район, с. Шотода, ул. Мира, 27 |
| Телефон/факс | (8722) 67-57-57 |
| E- mail: | info@mostootryad-99.ru |
| Идентификационный номер (ИНН) | 0536005963 |
| Код причины постановки на учет | 053601001 |
| Код ОГРН | 1020501836266 |
| Полное наименование банка | Сбербанк России ПАО г. Москва |
| Расчетный счет | 40702810338090116563 |
| Кор\счет | 30101810400000000225 |
| БИК | 044525225 |
| Генеральный директор | Алиев Идрис Абдулвагабович |
| Главный бухгалтер | Мухтарова Асият Магомедовна |


# Важная встреча

**В военном комиссариате (Унцукульского района Республики Дагестан) встреча с представителем средств массовой информации Унцукульского района, военного комиссара Республики Дагестан полковника Д.М.Мустафаева в ходе которой он рассказал об особенностях весеннего призыва 2021 года.**



1. По организации и проведению призыва граждан на военную службу в Республике Дагестан

В период с 1 апреля по 15 июля 2021 года в соответствии с Указом Президента Российской Федерации № 186 и приказом Министра обороны Российской Федерации № 180 от 29 марта 2021 года в Республике Дагестан начались мероприятия призыва на военную службу граждан 1994-2003 годов рождения.

В соответствии с Распоряжением Главы Республики Дагестан от 26 марта 2021 года № 30-рг «О республиканском призывной комиссии и призывных комиссиях муниципальных районов и городских округов республики Дагестан на период проведения призыва граждан на военную службу весной 2021 года» призыв будут осуществлять 53 призывных комиссий, а также к работе призывных комиссий будут привлечены общественные организации, представители которых получат право участия в заседаниях районных и городских призывных комиссиях.

Из республики Дагестан на военную службу предстоит отправить около 3000 тысяч новобранцев, в том числе с Унцукульского района более 40 . Они будут направлены во все виды и рода Вооруженных Сил Российской

Федерации, а также в другие войска , где законом предусмотрена воинская служба.

В настоящее время военную службу по призыву проходят более 100 солдат с Унцукульского района. По информации, поступающей из воинских частей, наши земляки с честью выполняют свой воинский долг, достойно продолжают славные традиции воинов-дагестанцев.

Во второй декаде апреля 2021 года запланированы отправки призывников в войска, они будут направляться к местам прохождениявоенной службы автомобильным, железнодорожным и авиационным транспортом.

Перед убытием к месту несения службы все призывники будут переодеты в повседневную форму одежды, для ВМФ – черного цвета, для ВКС и ВДВ синего, для остальных видов и родов войск – зеленого цвета.

Закончится весенняя призывная компания 15 июля 2021 года. В период весеннего призыва в военном комиссариате (Унцукульского района Республики Дагестан) будет работать «прямая линия по вопросам призыва граждан на военную службу по телефону 88722551022, время работы – 9 -13.00.

2.Особенности весеннего призыва 2021 года.

Главной особенностью данного призыва является безусловное проведение его и выполнение всех действующих профилактических и ограничительных мер в стране и в Республике Дагестан в целях сохранения здоровья призывников.

Министерством здравоохранения Республики Дагестан главным врачам медицинских организаций в муниципальных образованиях даны указания в перечень обязательных лабараторно-диагностических исследований, в приоритетном порядке дополнительно включить обследование на COVID-19.

Кроме того, на путь следования до республиканского сборного пункта все призывники будут обеспечены медицинскими масками. По прибытии на сборный пункт повторно призывники будут протестированы экспресс-тестами на наличие коронавируса.

Отправка команд в воинские части спланирована так, чтобы исключить контакты с посторонними (гражданскими) лицами.

Отправка призывников будет осуществляться железнодорожным и авиационным транспортом, команды будут отправляться к месту назначения в отдельных вагонах(плацкартных) или самолетах. То есть в конкретном вагоне или самолете не должно быть других пассажиров, кроме призывников. На весь путь следования призывники будут обеспечены средствами индивидуальной защиты.

По прибытию в воинскую часть молодое поколение пройдет обязательный 2 недельный карантин под наблюдением медицинских работников части.

В этом году как и в прошлом, призывная компания проводится в условиях введенных ограничительных мер, обусловленных комплексом мероприятий по недопущению распространения вирусных заболеваний.

Отвечая на вопросы, военный комиссар Республики Дагестанпояснил, что работа медицинских и призывных комиссий спланированатаким образом, чтобы обеспечить исполнение всеми гражданами призывного возраста воинской обязанности, также обратил внимание, что комплект нессессера, выдаваемого при убытии в войска, добавлены дополнительно дезинфицирующие средства для рук и ног.

Чтобы не подвергать риску заряжения призывников, родители не будут допускаться на территорию сборного пункта.

**Военный комиссар Унцукульского района
Р. РАМАЗАНОВ**

Районалда спортивияб гIумро

## Спорталъул церехъабазулгун дандчIвай



Гьал къоязда букIана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасулги ГI. Бацаевасулги дандчIвай. ГIумар Бацаев ккола эркенаб гугариялъул рахъалъ СССРалъул спорталъул мастер, Чачаназул республикаялъул ТIолгороссиялъул категориялъул судья, ЧРялъул БетIер, Россиялъул БахIарчи Рамзан АхIмадович Кадировасул спортивияб комплексалъул эркенаб гугариялъул рахалъ тренер.

Гьединго дандчIваялда гIахьаллъана гIолилазулгун хIалтIи гьабиялъул рахъалъ отделалъул нач. А. МухIастанов, спорталъул рахъалъ нухмалъулев М. МухIамадов, Шамильхъалаялъул ДЮСШялъул директор, СССРалъул спорталъул мастер, РДялъул спорталъул миллияв бахIарчи ТI. ШагIбанов, районалъул СМИялъул хIалтIухъаби.

ДандчIваялъул аслияб темалъун букIана Чачаназулги Дагъистаналъулги республикабазда эркенаб гугари цебетIеялъе хIасил кьолеб хIалтIи гьаби, сахаб гIумро гьабиялъул мисалалда гIолеб гIел куцай ва гIемераб цогидаби.

ДандчIваялъул заманалда ГI. НурмухIамадовас бихьизабухъе Чачаназулги Дагъистаналъулги спорталъулал гьоркьорлъаби ва гьудуллъи цебегоялдаса цIунун буго, гьеб хадубккунги цебетIезабиялъе кинабго гьабизе ккола,-ян бихьизабуна бетIерас. Гьенибго ГI. НурмухIамадовас тIаде рачIаразе ЧРалъул спортивияб кьеркьеялъул Федерациялъул Президент Бувайсар Сайтиевасул, Заволжский районалъул бетIер В. В. Игонинил «Надежда» санаториялъул ОООялъул директор В. В. Медведевасул ва «Ахульго» ДРООялъул Советалъул пред. Гъ. ГIабдулаевасулги рахъалдасан тIаде рачIаразе кьуна Баркалаялъул Кагътал. Нилъер районалъул бетIерасул цIаралдасан гьединго ракI-ракIалъулал рагIабигун Баркалаялъул кагъат кьуна У. Бацаевасе ва хадбккунисеб цадахъаб спорталъул хIалтIуе гьарана битIккей.

## Боксалъул турнир



Дагъистаналъул Избербаш шагьаралда тIоритIана Дагъистаналъул тIоцевесев спорталъул мастер ХIамзаев ХIажимурад ракIалде щвеялда хурхун I9 абилеб ТIолгороссиялъул «А» классалъул группаялъул боксалъул къецал. Гьел къецазда гIахьаллъи гьабуна нилъер ракьцояв, Унсоколо росулъа Мусаев Муслим Сулеймановичас ва мустахIикълъана хIурматияб 2 бакIалъе. ТIоцебесеб бакI ккурабани гьев вахъунаан Россиялъул спорталъул мастерлъун.

Гьев живгоги ккола боксалъул рахъалъ тренерлъун, хIалтIулев вуго Шамильхъалаялда полициялда. Гьарула гьесие хадубккунги чорхое сахлъиги спорталъулъ цебетIейги. Аллагьас къуват кьеги Муслимие нилъер район хадубккунги бергьенлъабаздалъун боххизабизе.

С. МУХIАМАДОВ.

## Чуял рекериялъул къецал

Дагъал церег1ан къоязда Шамильский районалъул Гьолокь росулъ тIоритIана Дагъистаналъул тIоцевесев имам ГъазимухIамад ракIалде щвеялъул чуял рекериялъул къецал. Гьенир ракIарун рукIана Дагъистаналъул батIи-батIиял районаздаса ва росабалъа гIемерал чуялгун гIадамал. Къецазда гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул Унсоколо росулъа бекерухъан-чIуялъги. ТIоцебесеб гор-свериялда 5 свериги сверун I4 чуялда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалде бачIана Унсоколо росулъа МухIамадов ХIамзат (Арутанов)тIадрекIарабчу.Гьев мустахIикълъана кубокалъе, грамотаялъе, медалалъе ва гIарцулаб сайгаталъе. Гьев чол бетIергьанги ккола Унсоколоса ГIабдулаев МухIадиза.



Баркула гьел кIияздаго гьеб бергьенлъи ва гьарула чорхое сахлъи, халатаб гIумро ва спорталъулъ цебетIей. Аллагьас къуват кьеги лъикIаб гьабизеги квешаб тезеги.

С. МУХIАМАДОВ.

Пайдаяб малъи

## Кухнялъул сихIирлъаби

Кидаго рагIа-ракьанде щвараб рацIалъи кухнялда чIезабизе бигьаго букIунаро. Нижеца нужее бицунеб буго нужер къуват ва заман гIадада хвезабичIого рацIцIалъи чIезабулеб чанго сихIирлъи.

- ЦIорол тIагIелал кенчIезе гьеб чурулеб лъадалъе бай I кIудияб гъуд цIам ва цо гъуд къанцIаги (уксус).
- Эмаль таде бичарал хьагал бецIаб кьер лъугьун яги ахада рухIун ругони дагьабго лъелъе 2-3 кIудияб гъуд рагI-мач чурулеб кинаб бугониги лъамалъиги тIун цIеда лъе, гьенибе цо кIудияб гъуд содаги бай. Хадуб бухIараб лъеца чуре.
- ЦIакъго ахада хьагал рухIун ругони жанибе буссе хозсапуналъул кесек, тIаде лъимги тIун гьализабе. Гьелдаса хадуб бигьаго чурула цIа-рагI.
- Ханждада рухIчIаголъаби рачIого рукIине гьелъулъе рехе 2-3 бацIцIад гьабичIеб ражидул гожо.

*Гьализабулаго рахь печалде тIаде ани гьелда тIаде цIам бай ва бацизабе биччараб пергаменталъул кагъаталъ. Гьедин гьабуни махI рахъ-рахъалъ тIибитIуларо ва чуризе бигьалъула.

- Нусал рекIинаризе бигьаго букIуна цебе I0 минуталъ цIамул лъелъ лъуни, I кIудияб гъуд сода ва стакан лъел. Хадуб гьел рекIинаре тIаса рацIинчIого.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 8. 16. 2021 г. 17.50
фактически -18. 20 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.